Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№11-12
(9654-9655)

2015 соналъул
30 январь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГIУМРУДУЛ КИНАЛГО РАХЪАЛ РЕХСАРАБ ХИТIАБ

Республикаялъул цоги-цоги районаздаго гIадин, нилъер районалдаги тIобитIана районалъул активалъул данделъи ва гьениб гьоркьоб лъуна РДялъул Халкъияб Собраниялде Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас гьабураб ХитIаб.

Данделъиялъул тартиб бачунев районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас кIудияб къимат кьуна Республикаялъул гIумрудул киналго рахъал рехсараб гьеб ХитIабалъе.

-Республикаялъул БетIерасул ХитIаб ккола кIудияб пайда бугеб, гIемерпланазулаб документ. Гьеб ХитIабалъулъ рехсей гьабун буго нилъер гIумрудул киналго рахъазул.

Республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповас тIадегIанаб къимат кьуна нилъер районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъеги. Гьеб ккола нилъер районалъул киналго гIадамазул захIматалъе кьураб къимат. Амма нилъ щваралда гIейги гьабун чIун тIураларо. 2015 сон рагIинабун буго ахихъанлъиялъул Сонлъун. Гьеб рахъалъги кIудияб хIалтIи гьабизе ккезе буго нилъеца,-ян абуна районалъул бетIерас.

Данделъиялъул киналго гIахьалчагIаз кIудияб разилъигун къабул гьабуна Республикаялъул бетIерасул ХитIаб ва хIукму гьабуна районалъул киналго учреждениядагун организациязда, районалъул росабалъ гьеб гьоркьоб лъезе ва ХитIабалъул тIалабал тIуразариялъе планал гIуцIцIизе.

Ж. АХIМАДУДИНОВА.

ОПОЛЧЕНЦАЗУЛ ИРГАДУЛАБ ДАНДЕЛЪИ ТIОБИТIАНА

Гьаб соналъул 27 январалда нилъер районалда тIобитIана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул Федералияб Собраниялъул депутат ГIумахан ГIумахановас, 1999 соналъул авгу-

сталъулал лъугьа-бахъиназул ополченцазул рахъ ккун бахъараб социалияб программа гIумруялда бахъи мурадалда хурхараб тадбир.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна запасалда вугев милициялъул генерал-майор Сергей Оленченкоца, Россиялъул Федерациялъул БахIарчи-ДибирхIажи МухIамадовас, «1999 соналъул халкъияб ополчениялъул ветеранал» абураб ДРООялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумархIажиевас, «1999 соналъул халкъияб ополчениялъул ветеранал» ДРООялъул секретарь Олег Широковас.

Тадбир рагьулаго, районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас баркала кьуна РФялъул Пачалихъияб Думаялъул Федералияб Собраниялъул депутат ГIумахан ГIумахановасе, 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназулъ хварал ва лъукъарал ополченцазул хъизаназе социалияб рахъалъ квербакъи гьабиялъухъ.

Ополченцазе социалияб программа лъугьана ГIумахан ГIумахановас гьарулел лъикIал ишазул иргадулаб галилъун. Гьесул хIаракатчилъиялдалъун буго августалъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIи-ополченцазе «Рагъулал лъугьа-бахъиназул ветеран» абураб статус щвараб,-ян абуна районалъул бетIер М. ПатхIулаевас. Гьединго гьес баркала загьир гьабуна ополченцазе къваригIараб-таралъе хIалае ратулел гIадамазеги.

1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъинал ругеб заманалда, ДРялъул Жанисел ишазул министрасул тIоцевесев заместительлъун вукIарав Сергей Оленченкоца лъикIаб къимат кьуна Болъихъ районалда гIумру гьабун ругел гIадамазе.

«Ополчение гIуцIиялъул квербакъиялдалъун кIвана нилъеда халкъазда гьоркьосел террористазда дандечIей гьабизе.ГIадатияб халкъалъ гIагараб ракьалдехун ва Россиялъул Конституциялъул строй цIуниялдехун бижизабураб гIорхъи гьечIеб рокьиги, бахIарчилъиги ва хIинкъи-къай гьечIолъиги киданиги кIочон тезе бегьуларо,- ян абуна гьес.

«1999 соналъул халкъияб ополчениялъул ветеранал» абураб ДРООялъул секретарь Олег Широковас бицана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат ГI. ГIумахановас квербакъи гьабунила августалъулал лъугьа-бахъиназул ополченцазе «Рагъулал лъугьа-бахъиназул ветеран» абураб статус кьеялъе.

Гьесдаса хадур кIалъазе рагIи кьурал «Россиялъул Федерациялъул БахIарчи» ДибирхIажи МухIамадовас ва «1999 соналъул халкъияб ополчениялъул ветеранал» абураб ДРООялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумархIажиевас тIадегIанаб къимат кьуна 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназулъ ополченцаз бихьизабураб бахIарчилъиялъегун къвакIиялъе.

Тадбиралъул ахиралда ГI. ГIумахановасул кумекчи Олег Широковас, августалъулал лъугьа-бахъиназулъ хваразул хъизаназе кьуна 2500 гъ. лъукъарал ополченцазул хъизаназе кьуна 2000 гъурущ.

Ж. АХIМАДУДИНОВА.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ЮБИЛЕЯЛДЕ-МУСТАХIИКЪАБ ДАНДЧIВАЙ ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

Гьединаб темаялдаса творческияб конкурс рагIинабулеб буго районалъул «Гьудуллъи» газеталъул редакциялъ.

Гьелъул аслияб мурадлъунги магIналъунги ккола 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъги гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъги цадахъ фашистияб Германиялдаги гьелъул чияр ракьал рахъулеблъун букIараб армиялдаги тIад дунялалдаго цIар рагIараб Бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъулаб юбилеялде хIадурулаго, гьеб Бергьенлъи гIагар гьабулаго нилъер районцояз рагъул майданалдаги рагъухъаби хIажатабщиналдалъун хьезариялъе захIматалъулаб фронталда бихьизабураб кIудияб гьунарги ва бахIарчилъиги бихьизабиялъе «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абураб рубрикаялда гъоркь районалъул «Гьудуллъи» газеталда рахъулел материалал цIикIкIинариялъулъ росабазул мухбирзабазул хIаракатчилъи борхизаби. Гьеб конкурсалда гIахьаллъи гьабизе бегьула бокьарав чияс, хасго школазул историказ, литературазе, рагъулгун захIматалъул ветераназ, рагъулгун захIматалъул бахIарзазул гIага-божараз.

Материалал хъвазе бегьула гьанже чIаго ругезулги ва чIаго гьечIезулги бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ.

Конкурсалъе ругел материалазда тIад хъвазе ккола **конкурсалъеян.**

КОНКУРСАЛЪУЛ РУГО ХАДУР РЕХСАРАЛ ШАРТIАЛ:

Материалал кьучIал рукIин.
Материалазда жаниб 150-300 мухъ букIин
Цадахъ цо-кIиго сурат букIин
ХIужабаздалъунги тарихаздалъунги бечедал рукIин.

Конкурсалъул хIасилал гьаризе руго хас гьабун гIуцIараб конкурсалъулаб комиссиялъ апрель моцIалъул ахиралда.

ЧIезарун руго тIоцебесеб, бакIалъе анцIазарго, кIиабилелъе-щуазарго ва лъабабилелъе-лъабазарго гъурущ призалги.

Конкурсалъулаб комиссия ва редколлегия.

СОВЕТХАЛКЪАЛЪУЛГИ БАГIАРАБ АРМИЯЛЪУЛГИ ЦАДАХЪАБ БЕРГЬЕНЛЪИ

Киназего баянаб букIахъе, гьаб соналъул 9 маялда нилъер ва СНГялъул улкабаз кIодо гьабизе буго 1941 соналда божуда рекIкIги гьабун СССРалде фашистияб Германия балъго тIаде кIанцIиялдалъун багъаргъараб ва 1518 сордо-къоялъ халат бахъараб КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъ дунялалъул таварихалда жаниб жинда релъараб цойги букIинчIеб гIадаб Бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул юбилей.

2012 соналдасаго байбихьун гьелде гьабулеб бугеб хIадурлъи жиндирго кульминациялъулаб даражаялде щолеб буго ВатIаналъул тахшагьар Москваялдаса байбихьун нилъер районалде щвезегIан.

Гьеб юбилей кIодо гьабулаго нилъеца кIодо гьаризе руго гIагараб ВатIан тушбабаздаса эркен гьабулаго гьунар ва бахIарчилъи бихьизабурал, жакъа чIаго ругелги чIаго гьечIелги ВатIаналъул бахIарзал ва гьеб Бергьенлъиялъе гIоло рагъул тылалда къасиги къадги рухIалда барахщичIого хIалтIулаго БагIараб Армия рагъулаб техникаялдалъунги, яргъидалъунги, кванилал продуктабаздалъунги ва ретIелхьиталдалъунги хьезабулел рукIарал багьадурзабиги. Ва гьединго кIодо гьаризе руго гьеб рагъалъ биххизабун букIараб улка цIи гIуцIарал бахIарзалги.

Гьел киналго нилъее ккола бищунго хIурмат цIикIкIарал гIадамаллъун. Гьединаллъун гьел гIасрабаз хутIила хадусел гIелазеги. Гьединаллъун нилъее гьел ккола, улкаялъул таварихалъул цIакъго кIудияб ва захIматаб лъугьа-бахъиналъул гIахьалчагIи хIисабалда гурелги, хIакълъунго аскIосел гIагарал чагIи рукIиналъги. «Нилъеца жиндир 70 сонилаб юбилей кIодо гьабизе бугеб Бергьенлъи босаразулги нилъерги буго цо би. Гьединлъидал нилъ киналго ккол руго гьезул ирсилаллъун. Нилъеца тIаса бищана нилъееего битIараб нух. Доб заманалда нилъер умумул бергьана. Гьанже нилъги бергьине ккола нилъерго нахъе ккей ва коррупция къезабиялъулъги ва нилъ гьедин телариланлъугьараздасаги,-ян абуна РФялъул Президент В. Путиница Бергьенлъиялъул юбилеялде хIадуриялда хурхун гьабураб жиндирго цо кIалъаялда.

Ахир 2 гьум.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

СОВЕТХАЛКЪАЛЪУЛГИ БАГIАРАБ АРМИЯЛЪУЛГИ ЦАДАХЪАБ БЕРГЬЕНЛЪИ

Бергьенлъиялъул юбилеялде хIадурлъи байбихьун буго районалдаги. Гьелда бан районалъул бетIер ва гьеб юбилей кIодо гьабиялъулаб комиссиялъул председатель М. ПатхIулаевас тасдикъ гьабураб программаялъул бихьизабиялда рекъон гIуцIулеб буго районалъул учреждениязгун организацияз юбилеялде хIадуриялъулаб хIалтIи. Гьеб лъикIги буго.

Гьеб хIурматияб хIалтIи гьабулаго школазул педколлективазги, культучреждениязул хIалтIухъабазги, ветераназулал гIуцIалабазги ва гьеб иш тIаде кколелщиназги кIвар кьезе лъикI буго Совет Союзалъул халкъалъул гьеб Бергьенлъиялъул кIодолъиялъулги гьеб гIагар гьабулаго тIолгосоветхалкъалъги ва гьелдаго цадахъ Дагъистаналъул ва нилъер районалъул гIадамазги бихьизабулеб букIараб рагъулабгун захIматалъулаб бахIарчилъиялъулги, гьез фронталъе гьабулеб букIараб сахаватаб материалияб кумекалъулги, рагъулал полководцазгун пачалихъалъул бетIер, обороналъул бетIерав командующий И. Сталинил гIакъилаб нухмалъиялъулги, гьесда сверухъ Советхалкъалъул букIараб гъункиялъулги ва вацлъиялъулаб гьудуллъиялъулги битIун ва гIатIидго бициналде. Гьединго бицине ккола рагъул тIоцересел къояздаго районалъул росабазул анцI-анцI, нус-нус гIолохъаби рокьукъав тушманасде кьаби щвезабизелъун, жидеего бокьун, фронталде иналъулги, гьез гьениб бихьизабулеб букIараб гьуналъулги бахIарчилъиялъулги хIакъалъулъ. Гьединго кIвар бугеблъун ккола гьеб Бергьенлъи гьанжесел гIелазул умумузеги гIахьалаб букIинги ва гьединлъидал гьезулги рохизе ва чIухIизе рес букIинги бичIчIинаби. Гьелъул аслияб магIналъунги букIинабизе ккола гьанжесел, ай рагъда хадусел, хасго гIун рачIунел гIелазе рухIиябгун патриотикияб, интернационалиябгун захIматалъулаб тарбия кьей. Гьеб рахъалъ батIаго лъикIаб ва пайдаяб хIалтIи гьабизе хIакъикъиял ресал руго школазул педагогазул.

Гьединго нилъедагоги ва нилъеца бицунездаги лъазе ва бичIчIине ккола гьеб Бергьенлъиялъул байрамалъул, цогидал байрамазде дандеккун, хасаб тIокIлъи букIин. Щай гурого, гIицIго гьеб кколелъул тIолгохалкъалъулаблъун. Гьелъие гIоло хIаракатаб ва бахIарчияб къеркьей гьабуна, миллаталдегун динияб рахъалде балагьичIого, тIолабго халкъалъ- бихьиназгун руччабаз, лъималазги херазги. Гьезда лъалеб ва бичIчIунеб букIана сундуе ва кинаб гIумруялъе гIоло жал рагъулел ва хIалтIулел ругел. Армияги халкъги сверун букIана цогояб къуваталде. Гьезул цояз бахIарчилъи бихьизабулеб букIана рагъулъ, цогидаз-захIматалъулаб фронталда. Ва гьеб букIана тушманасда тIад бергьенлъи гIагар гьабиялъе аслияб шартIлъунги.

Амма гьеб Бергьенлъи цIакъго хира чIана нилъер ВатIаналъе. Тушманасул бомбабаз ва рагъулаб машинаялъ СССРалъул рухIана нус-нус шагьаралгун росаби, заводалгун фабрикал, совхозалгун колхозал. ТIад буссунареб камилъун хутIана ВатIаналъе гIоло шагьидлъараб 28 миллион чиясул гIумру. Гьезул бахIарчилъиялдаги рухIаздаги цебе гIасрабаз бутIрул къулила лъикIлъиялъул къимат лъалел гIелаз.

ВатIаналъе, гьелъул эркенлъиялъе гIоло рухI кьуразда гьоркьор руго нилъер районалъул азаралда хадур васалги. Гьезие ва Бергьенлъи босун тIад руссаразе кидагосеб рецц!

Довго 28 миллион чиясго гIадин гьезги рухI кьуна жидежидер хъизамазулги, росабазулги шагьаразулги эркенлъиялъе гIоло.

Гьеле гьединазулги, Бергьенлъигун тIад руссаразулги тылалда хIалтIулел рукIаразулги бахIарчилъиялдалъун кIвана СССРгун байбихьараб рагъ жидеего бергьенлъигун 2,5 моцIида жаниб лъугIинабизеян букIараб гитлерил план кIалагъоркье чIвазабизе.

Жидецаго кверде росарал пачалихъазул рагъулаб къуватгун цадахъ вачIунаго, Москваялде гIагарлъухъе щварав тушманасде щвезабураб кьаби лъугьана гьев тIуванго щущахъ виххизавиялъе байбихьилъун. Тушманасде гьединал кьабиял гIемер щвезаруна БагIараб Армиялъ. Гьел рукIана Сталинградалдаги, Курскиялъул дугаялдаги, Севастополалдаги, Керчалдаги ва цогидалъурги. «ВатIаналъе» гIоло», «Сталиние гIоло», «Кинабго ВатIаналъе, кинабго тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе» абурал ва цогидалги патриотикиял ахIиязда вагъулев вукIана щивав советияв солдат, офицер ва полководец ва хIалтIулел рукIана заводаздагун фабрикабазда, хурзабахъгун гIи-боцIул фермабазда ва халкъияб магIишаталъул цогидалги бутIабазда.

Гьеле, гьединаб хIалалъ рес кьуна нилъерго ракьалда гуребги Европаялдагоги гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабизеги ва гIасияв тушман жиндирго рукIнив чIинтIизавизеги ва гьелдалъун фашистазул лагъилъиялдаса гIемерал улкаби эркен гьаризеги.

Гьединаб Советхалкъги гьелъул бахIарчияб БагIараб Армияги ва КIудияб ВатIанияб рагъулгун тылалъул чIаго ругелги гьечIелги ветераналги, гьезул рагъулабгун захIматалъулаб бахIарчилъиги цIакъ мустахIикъаб буго берцинаб, битIараб рагIуеги ва ракьалде щвезегIан бетIер къулун рецц гьабизеги.

Амма кин бугониги камулел гьечIо КIудияб ВатIанияб рагъда нилъеца босараб Бергьенлъиялъул къадру-къимат гIодобе ккезабизеги, гьениб щаклъи бижизабизеги бокьарал. Гьединал церерахъинал рукIунел руго телеканалаздасаги, жидерго къадру-къимат гIарцухъ бичулеб печаталдасаги, хIатта годекIаниргицин.

Гьединаб заманалда школазул историказулги, литераторазулги, цогидал педагогазулги масъалабазулги масъалалъун ккола КIудияб ВатIанияб рагъулги ва гьениб Советхалкъалъ босараб Бергьенлъиялъулги бицунаго, гIун рачIунел гIелазда, фашистияб Германия щущахъ биххизабуна Советхалкъалъ ва гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъ цадахъ абураб хIакъикъат гъваридго бичIчIинаби. Гьебги ккола Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилеялде хIадурулаго кIвар кьезе кколеб рахълъун.

Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилеялде гьабулеб хIадурлъи гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун нравственнияб ва патриотикиябгун интернационалияб тарбия кьей гIадаб кIвар бугеб ишалъе хIалтIизабиялъе бищунго чIахIиял ресал ругеб бакI буго школа. Гьеб темаялда жидерго дарсал хурхинаризе рес буго щивав учителасул, хасго историкасул, литераторасул ва обществоведение кьолесул..

Гьединго школазе лъикI букIинаан чIахIиял классазул цIалдохъаби КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи гIагар гьабиялъе гIоло жидерго умумузул, гIагарал чагIазул яги росуцоязул рагъулабгун захIматалъулаб бахIарчилъиялъул темаялдаса зама-заманалда сочиненияби хъвазе тIамиялъул къагIида хIалтIизабуни. Гьезул тIаса рищарал сочиненияби кьезе лъикI буго районалъул телевидениялдаса ва газеталдаса, гьединго цIунизе бегьула школазул музеязда. Ухухъда, кьезе бегьула гIарцулал сайгъаталги.

РакIалде щварабго абизин Нилъерго гIумруялъул историялъулги гIадатазулги умумузул бахIарчиял тIадегIанал гIаданлъиялъулал ишазул рухIалда тарбия кьеялъе бищунго цIикIкIун ва хIасил кьоледухъ кумек гьабулеллъун ккола музеял. Нилъер районалдайин абуни, гьеб хIалтIи загIипго гIуцIцIун буго, хасго гьаб ахираб 15-20 соналда.

Гьединал кIвар цIикIкIарал суалазде хасаб кIвар кьолев вуго районалъул гьанжесев бетIер М. ПатхIулаев.

Районалда гьеб музей гIуцIи букIинаан ва хутIилаан нилъер Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилеялъе бищунго кIудияб сайгъатлъунги ва районалъул гьанжеселги хадуселги гIелазе нилъер умумузул бахIарчияб гIумруялъул рухIалда рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялъул ва куцаялъул унго-унгояб къебелъилъунги гъаситолъунги. Гьеб кIудияб кIваралъул ишалъе хIаракатаб квербакъи гьаби букIинаан районалъул школазулги, росабазулги, учреждениябигун организациязулги нухмалъулезул рахъалъа унго-унгояб хIакъикъияб патриотизмлъун.

Гьениб аслияблъун ккола байбихьи, хадуб гьеб жибго кIодолъулебги, гIатIилъулебги букIина.

Ш. ЛАБАЗАНОВ,
журналист.

ИНФОРМАЦИЯ

о результатах оперативно-служебной деятельности отдела МВД России по Ботлихскому району за 2014 год.

Деятельность отдела МВД России по Ботлихскому району в 2914 году осуществлялась в соответствии со складывающейся криминальной обстановки на территории района.

Отделом МВД, во взаимодействии с органами местного самоуправления, правоохранительными структурами и другими заинтересованными организациями и учреждениями проведена определенная работа по обеспечению общественной безопасности и борьбы с преступностью. Исходя из складывающейся оперативной обстановки, руководством отдела принимались адекватные меры по поддержанию боеготовности личного состава. Это позволило сохранить тенденцию стабилизации общей ситуации, достигнуть позывных результатов по основным направлениям оперативно-служебной деятельности.

Всего на территории обслуживания зарегистрировано 74 преступления, из них тяжких и особо тяжких 7. Раскрываемость составила 91,5%. Нераскрытыми остались 6 преступлений, (3 факта незаконного оборота оружия, кража документов, незаконный оборот наркотических средств и неуплата налогов). Преступлений экономической направленности выявлено 23, раскрыто 18. Раскрываемость составила 94,7%.

В районе не совершены такие опасные виды преступлений как убийство, бандитизм, похищение человека, изнасилование, грабеж, разбойное нападение, вымогательство, умышленное уничтожение чужого имущества.

Преступления совершены на территории муниципальных образований Ботлих - 32, Тлох - 11, Годобери - 6, Ансалта – 5, Анди и Чанко по 4 , Муни-3, Рахата, Тандо и Н.Инхело по 2, Миарсо, Зибирхали и Зило по 1.

Не совершено ни одного преступления в населенных пунктах Ашали, Риквани, Ортаколо, Гагатли, Кижани, Шодрода, Ашино, Алак, Гунха, Кванхидатли, Тасута, Хелетури и Рушуха.

В совершении преступлений уличены 9 жителей с.Ботлих, 7 других районов, 5 Ансалта, по 3 Годобери, Тлох, Миарсо и Н.Инхело, по 2 Алак и Тандо, по 1 Зило, Муни, Чанко, Рахата, Шодрода, Ашали и Зибирхали.

Сотрудниками отдела за совершение административных правонарушений в дежурную часть доставлены 46 нарушителей (в том числе 5 дважды): из них 19 жителей с.Ботлих, 7 Тлох, 6 Годобери, по 4 Рахата и Миарсо, 3 Ансалта, 2 Муни и по 1 Анди, Ашино, Алак, Тандо, Зило, с.Хлетури, Чанко. Также доставлены 16 жителей других районов.

Всего в розыске находилось 20 преступников и 1 утративший связь с родственниками. Разыскано 11 преступников. Процент розыска составляет 55%. Также разыскана Алиева Г., которая разыскивалась ОМВД РФ по г.Дербент.

Всего в розыске находилось 20 преступников и 1 утративший связь с родственниками. Разыскано 11 преступников. Процент розыска составляет 55%. Также разыскана гражданка, которая разыскивалась ОМВД РФ по г.Дербент.

Отделом полиции во взаимодействии с другими правоохранительными органами приняты ряд мер по противодействию экстремизму и терроризму, по недопущению диверсионно – террористических актов и противоправных акций на территории обслуживания. Также в целях профилактики терроризма и религиозного экстремизма, получения информации о членах бандподполья и их пособниках, разыскиваемых преступниках, повышению бдительности граждан отделом внутренних дел организована профилактическая и разъяснительная работа.

Проводятся ОРМ в населенных пунктах, по пресечению проникновения и базирования на территории участников бандгрупп, в лесистой местности. В этой связи ориентированы негласный аппарат и лица, имеющие доверительные отношения, проживающие вдоль административной границы с ЧР. Особое внимание уделяется выявлению лиц, занимающихся вербовкой молодежи в ряды бандгрупп. Фактов обучения в примечетских школах с отрывом от общеобразовательных учреждений не выявлены.

На территории района в ходе проведения оперативно-профилактических мероприятий в 3 населенных пунктах были проведены 3 обысковые мероприятия.

В 2014 г. из незаконного оборота изъят 1 карабин, 2 пистолета кустарного изготовления, 127 патронов различного калибра, 2 гранаты, 1 ВОГ-17.

Всего выявлено 13 фактов незаконного оборота оружия, из которых по 6 фактам возбуждены уголовные дела и по 7 фактам вынесены постановления об отказе в возбуждении уголовного дела по нереабилитирующим основаниям.

Проведена определенная профилактическая работа среди населения по добровольной сдаче оружия, боеприпасов и ВВ, находящихся у них. Всего поступило в ОМВД 38 заявлений от граждан, в результате сдано 1 автомат, 4 гранотомета, 1 огнемет, 2 охотничьих ружья, 2 карабина, 4388 патронов различного калибра, 16 магазинов от автомата, 1 магазин от пистолета, 1 газовый пистолет, 28 гранат, 29 запалов от гранат., 48 выстрелов от гранатометов, 28 кг взрывчатого вещества, 7 сигнальных мин, 11 детонаторов, 200 метров детонационного шнура, 2 спортивных пистолета.

На учете в инспекции по лицензионно-разрешительной работе состоят 833 владельца гражданского оружия, из них гладкоствольного – 237, ограниченного поражения – 365, нарезного охотничьего – 365, наградного – 1. При проведении проверок владельцев гражданского оружия, выявлено 82 нарушения порядка учета, хранения и использования оружия, изъято 20 единиц оружия. В ходе проведения профилактической беседы добровольно сдано 4 единицы охотничьего оружия и 4 единицы оружия самообороны. Выставлено в розыск в связи с утратой – 26 единиц, аннулировано 12 лицензий на приобретение, хранение и ношение оружия.

На территории района с целью выкупа у населения на возмездной основе с 10.06. по 31.12.2014г., проводилось оперативно - профилактическое мероприятие «Оружие - выкуп».

В сфере противодействия незаконного оборота наркотиков за истекший период выявлено 7 преступлений, в том числе:

На КПП-Тлох в ходе досмотра у пассажира обнаружено и изъято наркотическое средство весом 0,17гр., содержащий Хинолин-8-ил-1-1 пентил-1Н-индол-3-карбоксилат.

04.06.2014г. в с. Ботлих обнаружены и изъяты 24 куста конопли со следами культивирования.

11.06.2014г. на КПП «Тлох» при личном досмотре у жителя с.Ботлих обнаружено и изъято наркотическое средство..

17.07.2014г. в с.Тлох на земельном участке, принадлежащей жительнице с.Тлох обнаружено и изъято 42 куста конопли со следами культивирования.

04.08.2014г. в с.Ботлих при личном досмотре у жителя с.Зило обнаружено и изъято наркотическое вещество «марихуана» массой 16,41 гр.

04.09.2014г. на КПП 27Д «Тлох» при досмотре автомашины у пассажира, жителя с.Ботлих обнаружено и изъято наркотическое вещество «марихуана» массой 39,1гр.

20.09.2014г. на КПП 27Д «Тлох» при досмотре автомашины, у пассажира – жителя Кизилюртовского района обнаружено и изъято наркотическое вещество «марихуана» массой 34,18гр.

22 октября 2014г. на КПП 27Д «Тлох» при личном досмотре у жителя Хунзахского района обнаружено и изъято наркотическое вещество «марихуана» массой 9,43гр.

Одним из основных направлений профилактики правонарушений является их своевременное выявление. Сотрудниками полиции, в ходе проведения оперативно-профилактических мероприятий и оперативно-служебных задач выявлено 4848 административных правонарушений, в том числе по линии безопасности дорожного движения 4099, лицензионно-разрешительной работы 82.

Важным и приоритетным направлением деятельности отдела является обеспечение общественного порядка и безопасность граждан. Основными службами претворяющими функции по его обеспечению являются служба участковых уполномоченных полиции и патрульно-постовая служба.

На основе анализа уличной преступности, патрульно-постовые наряды, максимально приближены к местам массового отдыха и пребывания граждан. Сотрудниками патрульно-постовой службы за истекший период во время проведения культурно-массовых, общественно-политических и спортивно-зрелищных мероприятий нарушений общественного порядка не допущено. За отчетный период сотрудниками патрульно-постовой службы, совместно с другими службами раскрыто 15 преступлений, в том числе 2 по личной инициативе. Выявлено 3 преступления, по которым отказано в возбуждении уголовного дела по истечению срока давности. В дежурную часть доставлено 142 граждан, выявлено 711 административных правонарушений, составлено 38 протоколов.

Участковыми уполномоченными полиции раскрыто 28 преступлений, в том числе по личной инициативе 20, выявлено 897 административных правонарушений, рассмотрено 244 жалобы и заявлений и сообщений граждан.

Участковыми на территории крупных населенных пунктов, н.п. с участием сотрудников других служб проводятся оперативно-профилактические мероприятия по отработке жилого сектора, а также по обеспечению охраны общественного порядка при проведении культурно – зрелищных заведений и мест массового пребывания людей, а также выявления лиц, проживающих без регистрации и мест концентрации мигрантов.

В 2014 году подворным обходом охвачено всего 9750 квартир и домовладений на административных участках. Внесено 31 представление главам сельских поселений по устранению причин и условий, способствующих совершению преступлений, проведено 341 обследование объектов хранения товарно-материальных ценностей.

Одним из действенных путей снижения преступности является ее **профилактика**. Помимо общей профилактики среди населения, проводится индивидуальная работа с подучетными категориями граждан. На учете состоит 203 профилактируемых лица. Адресная работа с ними позволила не допустить совершения преступлений профилактируемыми.

Определяющее значение для оздоровления криминальной ситуации в обозримой перспективе имеет **профилактика правонарушений среди несовершеннолетних**. Существенным фактором, способствующим подростковой преступности, является семейное неблагополучие, антиобщественное поведение родителей.

На настоящий момент, на профилактическом учете в ПДН состоят 10 профилактируемых субъектов: из них несовершеннолетних 7 и 3 родителей ненадлежаще исполняющих родительские обязанности.

Незанятость учебой или трудом является одной из определяющих причин криминальных проявлений в подростковой среде. В целях выявления не охваченных учебным процессом подростков совместно с участковыми в населенных пунктах были проведены рейды. В ходе проведенных мероприятий с начала учебного года было выявлено 47 фактов непосещения школы. Принятыми, совместно с комиссией по делам несовершеннолетних и защите их прав администрации района, педагогическими коллективами школ, мерами, 45 несовершеннолетних, не охваченные учебным процессом и пропускающие уроки по не уважительной причине возвращены к занятиям в школе.

С целью сбора информации о негативных процессах, происходящих в молодежной среде, совместно с представителями управления образования в школах района проведены разъяснительные беседы, направленные на профилактику правонарушений и преступлений. В общем, за анализируемый период проведено 64 бесед по различной тематике.

В целях реализации мер по обеспечению здоровья, физической и нравственной безопасности детей на территории района проведены мероприятия, по профилактике потребления табака и алкоголизма. С продавцами всех магазинов проведена разъяснительная беседа об ответственности за продажу несовершеннолетним алкогольной продукции и табачных изделий.

Инспекторами ПДН совместно с участковыми и представителями духовенства, в соответствие утвержденного графика на территории района с учащимися общеобразовательных школ проведены профилактические беседы по профилактике экстремизма и правонарушений среди несовершеннолетних.

Все еще актуальным остается проблема **обеспечения безопасности дорожного движения**. В целях повышения безопасности дорожного движения, снижения уровня дорожно-транспортной аварийности в истекшем периоде текущего года на территории района проведен ряд профилактических мероприятий.

На территории обслуживания совершено 2 дорожно-транспортных происшествий, в котором телесные повреждения получили 4 человека.

За истекший период сотрудниками ОГИБДД раскрыто 6 преступлений, в том числе по собственной инициативе 2. Выявлено 6 транспортных средств, находившихся в розыске, разыскано 56 регистрационных документов и регистрационных знаков, находящихся в розыске в связи с утилизацией.

По линии БДД выявлено 4099 административных правонарушений, в том числе за управление транспортными средствами в состоянии опьянения 42, превышение скоростного режима 349, управление без регистрационных знаков 9, без прав на управление ТС 48, управление ТС с тонированными стеклами 211.

Личный состав отдела МВД России по Ботлихскому району боеспособен и готов к исполнению возложенных на него оперативно-служебных и боевых задач.

Штаб ОМВД России по Ботлихскому району

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

30 декабря 2014 г. №80/492-5 г. Махачкала

Об обращениях представительных органов муниципальных поселений, входящих в состав муниципального образования «Ботлихский район», о возложении полномочий избирательных комиссий муниципальных поселений на участковые избирательные комиссии

Рассмотрев обращения представительных органов муниципальных поселений, входящих в состав муниципального образования «Ботлихский район», о возложении полномочий избирательных комиссий муниципальных поселений на участковые избирательные комиссии и руководствуясь пунктом 4 статьи 24 Федерального Закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Избирательная комиссия Республики Дагестан **постановляет:**

1. Возложить полномочия избирательных комиссий муниципальных поселений, входящих в состав муниципального образования «Ботлихский район», на участковые избирательные комиссии, действующие в границах соответствующих муниципальных поселений, согласно приложению.

2. Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию Ботлихского района, в представительные органы муниципальных поселений, входящих в состав муниципального образования «Ботлихский район», и в соответствующие участковые избирательные комиссии.

3. Опубликовать настоящее постановление в журнале «Вестник Избирательной комиссии Республики Дагестан» и разместить на сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети Интернет.

Председатель Избирательной комиссии
Республики Дагестан М.Т Дибиров

Секретарь Избирательной комиссии
Республики Дагестан Х.М. Халидов

Приложение
к постановлению Избирательной комиссии
Республики Дагестан
от «30» декабря 2014 г. № 80/492-5

Информация о возложении полномочий МИК на УИК на территории Ботлихского района

Наименование сельского поселения	Наименование избирательной комиссии сельского поселения	Номер УИК (на которую возлагаются полномочия МИК)	Дата и номер решения представительного органа МО сельского поселения
МО «село Алак»	ИКМО «село Алак»	№ 0163	07.11.2014 №17
МО «сельсовет «Андийский»	ИКМО «сельсовет «Андийский»	№ 0165	06.11.2014 №11
МО «сельсовет «Ансалтинский»	ИК МО «сельсовет «Ансалтинский»	№ 0170	07.11.2014 №5
МО «село Ашали»	ИКМО «село Ашали»	№ 0174	21.11.2014 №13
МО «сельсовет «Ботлихский»	ИКМО «сельсовет «Ботлихский»	№ 0176	12.12.2014 №10
МО «село Гагатли»	ИКМО «село Гагатли»	№ 0181	10.11.2014 №6
МО «сельсовет «Годоберинский»	ИКМО «сельсовет «Годоберинский»	№ 0184	10.11.2014 №9
МО «село Зило»	ИКМО «село Зило»	№ 0188	24.11.2014 №12
МО «село Кванхидатли»	ИКМО «село Кванхидатли»	№ 0190	10.11.2014 №32
МО «село Кижани»	ИКМО «село Кижани»	№ 0191	24.11.2014 №11
МО «село Миарсо»	ИКМО «село Миарсо»	№ 0193	17.11.2014 №20
МО «сельсовет «Мунинский»	ИКМО «сельсовет «Мунинский»	№ 0194	13.11.2014 №15
МО «село Нижнее Инхело»	ИКМО «село Нижнее Инхело»	№ 0198	26.11.2014 №17
МО «село Рахата»	ИКМО «село Рахата»	№ 0199	10.11.2014 №21
МО «сельсовет «Рикванинский»	ИКМО «сельсовет «Рикванинский»	№ 0202	10.11.2014 №8
МО «село Тандо»	ИКМО «село Тандо»	№ 0204	10.11.2014 №09
МО «село Тлох»	ИКМО «село Тлох»	№ 0206	14.11.2014 №07
МО «сельсовет «Хелетуринский»	ИКМО «сельсовет «Хелетуринский»	№ 0207	07.11.2014 №12
МО «сельсовет «Чанковский»	ИКМО «сельсовет «Чанковский»	№ 0209	02.11.2014 №6
МО «сельсовет «Шодродинский»	ИКМО «сельсовет «Шодродинский»	№ 0212	10.11.2014 №14

БЮДЖЕТ

ДОХОДЫ

Администрации сельского поселения **«село Тлох»** Ботлихского района **на 2015 год** и плановый период **2016 – 2017 годы.**

№ п/п	Наименование доходов.	КБК	на 2015 г.	на 2016 г.	на 2017г.
1.	Налог на доходы физических лиц	18210102010011000110	70990	105000	130000
2.	Налог на имущество физических лиц	18210601030101000110	135000	155200	160300
3.	Земельный налог	18210606013101000110	383820	470000	500000
4.	Неналоговые доходы	00111705000000000180	12184	14000	15000
	Итого закрепленных собственных доходов:		**601994**	**744200**	**805300**
5.	**Субсидии на со финансирование**	00120204014100000151	=====	=====	=====
6.	**Дотация** бюджетам поселений	00120201001100000151	3 285000	3 120733	3 235720
7.	Субвенция на **Загс**	00120203003100000151	32251	64571	700003
8.	Субвенция на **ВУС**	00120203015100000151	121000	121000	69909
	Итого:		**4 040245**	**4 050504**	**4 180932**

Расходы

АСП "село Тлох" на 2015 год и плановый период 2016 - 2017 годы.

Учреждение	Глава	Раздел	Цел.статья	расх.	Эк.класс	Наименование	2015 г.	2016 г.	2017 г.
Аппарат управления	001	0104	0020400	121	211	**Заработная плата**	781206	946000	980000
	001	0104	0020400	122	212	**Суточные**	15000	10000	15000
	001	0104	0020400	121	213	**Начисление на оплату труда**	235925	285692	295960
	001	0104	0020400	242	221	**Услуги связи**	71000	12250	15500
	001	0104	0020400	244	222	**Транспортные услуги (проездные)**	20000	12000	15000
	001	0104	0020400	243	225	**Ремонт здания**	===	====	====
	001	0104	0020400	244	226	**Подписка газет, журнал**	9359	8300	8500
	001	0104	0020400	244	226	**Страхование муниц.служащих**	8000	9000	9000
	001	0104	0020400	244	226	**Страхование автотранспорта**	4000	4200	4300
	001	0104	0020400	244	226	**Прочие услуги**	30000	34000	43000
	001	0104	0020400	851	290	**Прочие расходы (новые коды)**	100000	61258	33712
	001	0104	0020400	244	310	**Приобр. основных средств**	55000		20000
	001	0104	0020400	244	340	**Приобретение расх матер. ГСМ**	20000	28000	35000
ИТОГО:							**1 349490**	**1 410700**	**1 474972**
На выборы	001	0107	02000020	244	290	**Прочие расходы**	**30000**		
Субвенция на ЗАГС									
	001	0304	3315930	121	211	**Заработная плата**	9908	19837	21505
	001	0304	3315930	121	213	**Начисление на оплату труда**	2992	5991	6495
	001	0304	3315930	244	340	**Прочие расх. материалы**	19351	38743	42003
	001	0304	3315930	244	310	**Приобр.основных средств**			
ИТОГО:							**32251**	**64571**	**70003**
Субвенция на ВУС	001	0203	9995118	121	211	**Заработная плата**	84000	84000	53722
	001	0203	9995118	121	213	**Начисление на оплату труда**	25368	25368	16187
	001	0203	9995118	244	310	**Приоб. основных средств**	===	===	===
	001	0203	9995118	244	340	**Прочие расход материалы**	11632	11632	
Итого:							**121000**	**121000**	**69909**
Физкультура и Спорт	001	1101	5129700	244	290	**Прочие расходы**	**55000**	**42000**	**55000**
Молодеж.политика	001	0707	4310100	244	290	**Прочие расходы**	**45000**	**35000**	**45000**
Резерв главы админ.	001	1003	0700500	870	290	**Прочие расходы**	**49792**	**30000**	**35000**
Доплата к пенсии	001	1001	4910100	313	263	**Пенсия**	**43200**	**44500**	**46000**
ЖКХ	001	0503	6000100	244	223	**Э/энергия**	200000	105000	110000
	001	0503	6000200	244	226	**Прочие услуги**	55000	60000	65000
	001	0503	6000200	851	290	**Прочие расходы**	310000	440000	450000
	001	0503	6000500	243	225	**Ремонт внутрисельских автодорог**	1 200000	1 182793	1 108284
Итого:							**1 765000**	**1 787793**	**1 733284**
Всего расходов:							**3 490733**	**3 535564**	**3 529168**

Расходы

Муниципального казенного учреждения «Центр культуры и досуга»

На 2015 год и плановый 2016 - 2017 годы.

Учреждение, организация	Вед.	Раздел	Цел.статья	Расх.	Эк.класс	Доп.класс	2015 г.	2016 г.	2017 г.
Культура и искусство	001	0801	4409900	111	211	**Заработная плата**	192040	295000	332000
	001	0801	4409900	111	213	**Начисление на оплату**	57996	89090	100264
	001	0801	4409900	244	226	**Прочие работы, услуги**	154476	55500	60000
	001	0801	4409900	244	290	**Прочие расходы**	25000	40000	35000
	001	0801	4409900	244	340	**Прочие расходные матер.**	15000	20250	20500
	001	0801	4409900	244	225	**Текущий ремонт здания**	95000		90000
	001	0801	4409900	244	223	**Э/энергия**	10000	15100	14000
Итого:							**549512**	**514940**	**651764**

Главный бухгалтер = **Абдулмажидов З.Г.**

МагIарулай

МутIрул чIужугIадан дур сабруялъе санаца бачуна жиндирго макъан

САХЛIЪУЛАРЕБ РУГЪУН

АнцIила анлъабилеб сон сверулеб буго халкъазда гьоркьосел хъачагъаз нилъер ракьалде гьужум гьабуралдаса нахъе. Нилъер халкъалъул бахIарчилъиялдалъун, къо хIехьеялдалъун ва цолъиялдалъун бажарана тушбабазе мустахIикъаб жаваб кьезеги , рачIарабго нухдасан тIуризаризеги. Росу тун гочине ккарал гIадамазе рес щвана жидерго рокъоре тIад руссине, рагъалъ хвезабураб магIишат цIи гьабизе. Гьабуна гьезие пачалихъалъги кумек. Амма гьеб рагъалъ цо-цоязул рекIелъ лъуна санал ун жиб сахлъулареб, камиялъул ругъун. Гьединазул цояй ккола киназдаго жий лъалей культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Шамсият ПатахIова. Шамсиятие доб рагъда камуна вац. Вацасухъ бугеб урхъиги бадиб лъедолаго Шамсиятица ракIалде щвезабуна дол рагъул санал.

Башир….. Башир вукIана нижер рохелги, канлъиги. Эбелалъе бокьулароан Баширица бакIаб хIалтIи гьабизегицин. Ниж яцалги , Башир аскIове щведал, гьабулеб хIалтIиги тун гьесде руссунаан. Абизе бегьула цIалеб хIухьелгицин нижер Башир вукIанин . КIиго лъабго соналъ ТIандо школалда директорлъунги хIалтIун, Башир лъугьана милициялде хIалтIизе. ЛъагIалидаса гьесда тIад къана поселковый отделениялда начальникасул х1алт1и. Рагъ ккелелде лъабго моцIалъ цеве гьев витIана Зибирхьаливе командировкаялъ. Цо къоялъ гьений поварлъун хIалтIула йикIарай ПатIимат ячIана нижехъе щвезе . Хабар кIалалда рукIадго гьелъ абуна: «ГьадигIан вацасе хириял эбелги, яцалги рихьизе ячIарай йиго дун гьаний»-ян . Гьединаб букIана нижер вац-яцазул цоцаде бугеб рокьиги адабги. Вацасдасан бугеб чIухIиялъги рохелалъги дида ракIалда кколаан дун йигин бищунго дунялалда талихIай гIадан абун. Амма гьеб талихIалъул иццул бетIер хIабургьине гьабуна доб рагъалъ. Росу тун гочине ккана гIадамал. РакIалда буго рукъалъул нуцIа рахалаго эбелалъ абурал рагIаби. «Я Башир! Нагагь мун чIаго вачIани, кIулал гьанир руго» гьебги абун эбелалъ кIулал бахчараб бакIалда лъуна. Росабалъан гIадамал рахъ-рахъалде гочунел рукIана. Эбел, яцал, лъимал Муниреги ритIун, дун Болъихъго чIана. Дица абуна Баширил хIакъикъат лъачIого дун гьанисан кьурулариллан. ПатхIудинихъеги ун хабаралъухъ балагьун йикIана. Дица рукъ бакI сверухълъи бакIарана, цIеда лъел хьаг лъуна Арсен вачIанани, гьесие, Башир вачIанани, Баширие абун. Гьеб бацIцIунагоги магIил цIун бералгун цо рагIи гьоркьоб абизегIанцин лъалхъичIого дица Аллагьасда гьарулеб букIана «Я, БетIергьан Аллагь, Баширие кумек гьабе, гьев цIуне!» абун. ВачIана Арсен. Гьев жаниве ана.Дун гьесул хьитал партал бацIцIине лъугьана. Столалда тIад лъун букIараб рациялдаса рагIана дида Гъодобери ОМОНазул ункъгояв чIван вугин, хутIарал лъукъун ругин, чIварал мажгиталда ругин, лъукъарал рачине машина битIеян абулеб. Къоялъ чвахараб магIу лъалхъана, черх цIорона « Арсен, гьаз бицунеб жо дида бичIчIунеб гьечIо, янги абун дица рация Арсенихъе кьуна. Дун къватIие кIанцIана, цо машинаги лъалхъизабун больницаялде ана. Лъукъаразда гьоркьов дида Башир ватичIо. РакIалъ бицунеб букIана гьев хваразда гьоркьов вукIин. Дидаго лъачIого дун уней ятана МигIарсоехун. Хадурги рачIун, Чанхъоса Чакарицаги Ансалт1аса Х1ажимух1амадицаги дун нахъе ячуней йикIана больницаялда вуго Башир, гьенире рилълъа абун. Дица кьварун лъазабуна дун Гъодобери щвезе гьае абун. Дир рагIи нахъе чIвачIого гьезги дун Гъодоберие ячана. Машинаялъул хехлъи дие гIолеб букIинчIо. Гьенире щведал Гъодобери росдал бетIерас абуна гьел УАЗикалдаги лъун Болъихъе анилан. Нахъеги хъамуна машина Болъихъе. Цояб нуцIихъан дун, цогидаб нуцIихъан Баширил жаназа цадахъ щвана рокъоре жанире. Арсеница машинаги хадубе битIун рачIана Мунисан эбелги яцалги. Росулъ рагъ букIиналъ щвечIо вац росулъ вукъизеги. Болъихъ хабалъ гьевги вукъун, магIирукъ гьабизе Мунире ана ниж.Башир чIванилан хабар рагIидал, Баширил инсул яцалъ абун буго: «Вацги чIван чIаго рукIунел яцал гьечIо гьесул, гьелги хун ратизе руго абун»Дир вац шагьидлъана микьабилеб августалъ рагъ байбихьун кIиабилеб къоялъ. I3 сентябралъ гьесул тIубазе букIана 33 сон. Лъабго соналъ чIегIер бана дица гьесда хадуб. Лъабго сонидасан яцалъул вас армиялде унелъул «Дихъе бачIана кагъат армиялдаса вацас» абураб кечI ахIизе сценаялде яхъа-ян.

Гьеб рагIалде щвезегIан ахIизе дида бажаричIо. Гьалеха долдаса нахъе сверана 15 сон, амма дир рекIелъ санал ун сахлъулареб ругъун хутIана.Араб соналъ Культураялъул х1алт1ухъаби ун рук1ана Лъарат1а районалда т1обит1араб «Цамаури» абураб фестивалалда г1ахьаллъи гьабизе.

Гьенив дида ватана 1966 соналъ гьавурав Башир абун ц1ар бугев, ц1акъ г1амалги куцмухъги релъарав вас. Дир рекIелъ хIунсана. Дица гьесда абуна: «Башир, дур Болъихъ ункъго яц йиго»,-ян абун.

Дида ракIалда ккола бищунго Башир дие вокьулев вукIанин абун. КIиго лъималгун рукъ биххарай дун, гьесда ракIги гъун йикIунаан. Берцин бихьарабги гьесие босулаан. Баширицаги махсаро гьабулаан Шамсиятица къиматаб, хирияб гурони ретIел ретIизе толарин жив абун. ЦIакъ дир лъималазул тIалаб-агъазги гьабулаан гьес. Жакъа васасул цо кинаб бугониги проблема баккани, дида ракIалда ккола, Башир вукIаравани гьадин букIинароан абун. Дир мугъ чIвалеб хIуби дий нух бихьулеб канлъи. Шамсиятида тIокIалъ бицен гьабизе кIвечIо. Амма бадиб хулараб магIуялъ ахIун абулеб букIана гьелъул рекIелъ бухъардулеб бугеб гьаракьалдалъун:

Башир мун чIванилан хабар бачIиндал
ЧIаголъи тIагIана дуниялалъул
Дуца цIалеб хIухьел къотIун батидал
Багьаго хутIичIо гьаб гIумруялъул

ГIумругIан хирияв мун дир тIулил вац
ТIутIун балеб рекIей дарман кин кьелеб
Кьибил дулъ тIирщараб дир рохалил гъветI
КъотIун ракьулъ лъедал тIегь кин тIад балеб

Замана тирана сагIтал сверана
ЧучичIо камиялъ бухьараб гарацI
Рохелгун захIмалъи иргадухъ щвана
ЩвечIо урхъараб ракI хIалхьараб лахIзат.

Сурьма

ЧIужугIаданалъул берцинлъиялъе къиимат кьолаго, нилъеца кIвар буссинабула беразде. ХIакъикъаталдаги берал берцинал ругони, гьелъ цогидал гIунгутIабиги рахчула.Гьединлъидал гIемерисел руччабаз кIвар кьола беразе хассаб берцинлъи, чIурканлъи кьезе. ТIелхазда бахуна тушь, берда сверун бакI къачIала батIи-батIиял кьераз, камуларо линзал лъолелги. Берцинлъиялдаго цадахъ беразе зарал ккунгутIиялъеги гьабизе ккола ургъел. Бакъ баккул улкабазул руччабазин абуни, хIалтIизабула сурьма. Гьеб рагIи гIарабазул «кIухIлу» абураб рагIудасан бачIараб буго, гьелъул магIна ккола чIегIераб релъен.

Абула сурьмаялъ берал сах гьарулин. Лъималазул берал унтараб мехалдаги бахине лъикIаб бугин абула. Даруялъе бокьани, тIелхазул кьалбазда бахине ккола. Гьелъул цо чанго грамм гIемерал соназе гIола. Херал гIадамаца бахани гьезул канлъи загIиплъунгутIиялъе квербакъула.

ГЬУМЕР ХIАДУР ГЬАБУНА З. МУХIАМАДОВАЛЪ.

Двадцать второй сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 26.12.2014 года

О внесении изменений и дополнений в структуру администрации МР «Ботлихский район»

Руководствуясь ч. 8 статьи 37 Федерального закона «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ» от 6.10.2003г. №131-ФЗ, Собрание депутатов муниципального района решает:

Внести в решение девятой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 29 марта 2012 г. № 6 «О структуре администрации МР «Ботлихский район» следующие изменения и дополнения:

1. Исключить из структуры администрации МР «Ботлихский район»:

№ п/п	Наименование структурного подразделения	Группа должностей	Наименование должности	Кол-во штатных единиц
1.	Аппарат администрации	Старшая	Зав.приемной - Ведущий специалист	1
2.	Отдел кадров и правовой работы	Главная Ведущая	Начальник отдела Заместитель начальника отдела	1 1

2. Включить в структуру администрации МР «Ботлихский район»:

№ п/п	Наименование структурного подразделения	Группа должностей	Наименование должности	Кол-во штатных единиц
1.	Отдел кадров и информационного обеспечения	Главная Старшая Старшая	Начальник отдела Ведущий специалист – зав.приемной Ведущий специалист по информационным технологиям	1 1 1
2.	Отдел по правовой работе	Главная Старшая Старшая	Начальник отдела Ведущий специалист- Ответственный секретарь комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав Ведущий специалист-Секретарь административной комиссии	1 1 1

Глава муниципального района **М. Патхулаев**

Колонка прокурора

Федеральным законом от 24.11.2014 № 370-ФЗ внесены изменения в отдельные законодательные акты по вопросам противодействия незаконному обороту оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ.

Уголовный кодекс Российской Федерации дополнен статьей 222.1, устанавливающей уголовную ответственность за незаконные приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение взрывчатых веществ или взрывных устройств, а также статьей 223.1, устанавливающей уголовную ответственность за незаконное изготовление взрывчатых веществ, незаконное изготовление, переделку или ремонт взрывных устройств. Наказание составит от 3 до 12 лет лишения свободы со штрафом от 100 тысяч до 500 тысяч рублей.

Помимо того, введена ответственность за хулиганство, совершенное с применением взрывчатых веществ или взрывных устройств (ч. 3 ст. 213 УК РФ), а также за воинское преступление, связанное с утратой, уничтожением или повреждением находящихся под охраной наряда оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств либо предметов военной техники, а равно иные тяжкие последствия (ст. 344 УК РФ).

Статья 4 Закона РФ «О средствах массовой информации» дополнена частью 7, которая предусматривает запрет распространения в СМИ и иных информационно-телекоммуникационных сетях сведений, содержащих инструкции по самодельному изготовлению взрывчатых веществ и взрывных устройств.

За указанные деяния установлена административная ответственность, если действия нарушителя не содержат признаков преступления (ч. 5 ст. 13.15 КоАП РФ).

А. Азизов, помощник прокурора района.

КОНКУРСАЛЪУЛ ХIАСИЛАЛ ГЬАРУНА

Араб, 2014 соналъ Дагъистан Республикаялъул рищиязул комиссиялъ школазул, гимназиязул ва лицеязул цIалдохъабазда гьоркьоб рагIинабун букIана рищиязда хурхарал суратал рахъиялъул ва кроссвордал гIуцIцIиялъул рахъалъ конкурс.

ЛъагIалил ахиралда гьел конкурсазул хIасилал гьаруна. Конкурсалъулаб комиссиялъул председателасул заместитель К. Г. ГIалимухIамадовас кьурал баяназда ва конкурсалъулаб комиссиялъ гьабураб хIукмуялда рекъон 7-11 сон барал лъималазда гьоркьоб рищиязда хурхараб сурат бахъун кIиабилеб бакIалъе ва къиматаб шапакъаталъе мустахIикълъана нилъер районалъул ГIанди №2 гьоркьохъеб школалъул 6 абилеб классалъул цIалдохъан МухIамадхIажиева Амина Расуловна.

Гьебго номинациялда 12-17 сон барал цIалдохъабазда гьоркьоб лъабабилеб бакI щвана гьебго ГIанди №2 гьоркьохъеб школалъул 7 абилеб классалъул цIалдохъан Ханмамедова Аминат Шамхаловналъе. Гьелъие кьуна веб-камераги.

Рищиязда хурхараб кроссворд гIуцIцIиялъул номинациялда 7-11 сон тIубарал лъималазда гьоркьоб лъабабилеб бакI ва веб-камера щвана Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалъул 6-абилеб классалъул цIалдохъан Ибрагьимов Алмурза ГIумаровичасе.

Баркула лъималазда гьел бергьенлъаби, гьарула сахлъи ва хаду-хадубги бергьенлъаби.

А. БУДАЕВ, Болъихъ рищиязул комиссиялъул председатель.

Продается дачный участок в садовом товариществе «Аграрник» в г. Махачкале в районе «Кривой балки», недорого, срочно.
Тел. 8928 50299 95.

Утерянное свидетельство о государственной регистрации права на имя Курамагомедовой Заремы Магомедрашидовны за № 05-АА 489827 от 07.03.2012 года считать недействительным.

Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов, П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ
Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru